



Fòm Pèmisyon Paran pou Fwa Liv Literati

Lekòl Leta Miami-Dade County

Non Elèv la (enprime)	Nivo Ane Eskolè Elèv la

Non Paran an (enprime)	ID Elèv la

Mwen bay pèmisyon pou elèv mwen an ale nan Fwa Liv Literati la nan/dat:

Non Lekòl la	Dat Fwa Liv la

Mwen konprann se Literati, Inc. ki seleksyone koleksyon liv pou vann yo e yo pa refilete oubyen yo pa asosye ak okenn lekòl nan Lekòl Leta Miami-Dade County. Mwen konprann tou distri lekòl la te travay avèk Literati, Inc. pou devlope mezi kontwòl pou asire liv yo vann nan fwa a apwopriye ak laj elèv yo. Mwen konnen kòm yon paran/gadyen mwen dwe revize materyèl pitit mwen ap achte pandan fwa liv la. Anplis, mwen konprann Asosyasyon Paran Pwofesè lekòl yo, yon òganizasyon endepandan, ki se aliyè lekòl yo òdinèman fè Fwa Liv Sholastic yo pou ranmase fon.

Se pa Lekòl Leta Miami-Dade County ki chwazi materyèl ki disponib pou achte nan Fwa Liv la. Kònsa, nou ankouraje paran yo pou revize "lis preferans" elèv yo a epi fè yon konvèsasyon sou sa yo vle elèv yo achte nan fwa liv la anvan yo voye lajan pou fè nenpòt acha.

Ou ka jwenn aksès nan yon "Book Preview" (Apèsi sou Liv) yo nan sèvi avèk kòd QR ki sou bò dwat la epi li se yon reprezantasyon seleksyon aktyèl nenpòt fwa liv. Gen kèk liv nan Apèsi liv la yo ka retire nan fwa a selon disponiblite li lè Literati nan andwa fwa a.


Nan siyen fòm sa a, mwen dakò ak sa ki ap suiv yo:

- Mwen ap diskite avèk pitit mwen sou kontni nenpòt liv yo achte mwen santi ki ka pa apwopriye pou li.
- Mwen ap remèt fwa a nenpòt liv mwen pa santi ki apwopriye pou pitit mwen an.

Mwen dakò pou m pa bay Distri lekòl la pote okenn responsablite e mwen rekonèt mwen pa gen dwa pote yon plent kont lekòl la oswa Distri a pou patisipasyon volontè pitit mwen an nan Fwa Liv Literati la. Mwen konprann si mwen pa dakò ak kondisyon sa yo, yo pap pèmèt pitit mwen an ale nan Fwa Liv Literati la.

[Siyati Paran an]

[Dat]



Literati ofri garanti pou remèt lajan an san poze kesyon, si yon elèv, yon manm fanmi, oswa yon pwofesè pa konplètman satisfè ak sa yo achte yo. Si yo mande yon ranbousman, achte a ta dwe vizite fwa liv lekòl la pou jwenn èd pou retounen yo.